

# Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal



Èske w Ozetazini pou yon ti tan pou ale nan kolèj, lekòl lang, lekòl metye oswa lekòl pre-pwofesyonèl avèk yon F-1, M-1 non imigran oswa avèk yon klasifikasyon etidyan J-1? Lekòl ou ka mande ou nimewo Sekirite Sosyal (Social Security) ou. Kèk kolèj ak lekòl itilize nimewo Sekirite Sosyal kòm nimewo pou idantifye etidyan yo. Si w pa genyen yon nimewo Sekirite Sosyal, kolèj la oswa lekòl la ta dwe an mezi pou ba ou yon lòt nimewo idantifikasiyon.

Anjeneral, nimewo Sekirite Sosyal distribye pou moun ki gen otorizasyon pou travay Ozetazini. Nimewo Sekirite Sosyal yo itilize pou rapòte salè ou bay gouvènman an epi pou detèmine elijibilite pou benefis Sekirite Sosyal. Sekirite Sosyal p ap asiyen ou yon nimewo tou senpleman pou anwole nan kolèj oswa nan lekòl.

## Kisa mwen dwe fè pou mwen travay Ozetazini?

Si w vle jwenn yon djòb nan kanpis la, ou ta dwe kontakte ofisyèl lekòl ou ki deziyen pou etidyan entènasyonal. Ofisyèl sa a ka di w si w elijib pou travay nan kanpis la epitou li ka ba ou enfòmasyon sou djòb ki disponib yo. Epitou, lekòl ou ka apwouve sèten travay limite lwen kanpis la, selon jan sa otorize anba règleman Department of Homeland Security (DHS). Si lekòl ou otorize w travay swa nan kanpis la oswa lwen kanpis la, epi ou satisfè kondisyon elijibilite Sekirite Sosyal ki dekri nan pwochen seksyon an, ou ka jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal.

## Kouman pou mwen aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal?

Anjeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ameriken ki gen DHS pou travay ki ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Nou sijere pou rete tann jouk lè ou Ozetazini pandan omwen 10 jou anvan ou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Epitou, ou ta dwe ale nan lekòl ou anvan ou aplike pou yon nimewo. Si ou fè aksyon sa yo, sa ap asire nou kapab verifye kondisyon imigrasyon ou nan Depatman Sekirite Teritwa [Department of Homeland Security (DHS)].

Pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal:

- Ranpli yon Fòm Aplikasyon Pou Yon Kat Sekirite Sosyal (Fòm SS-5-HC); epi

- montre nou dokiman orijinal ki pwouve:
  - Kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay;
  - Laj; ak
  - Idantite.
- Voye pa lapòs fòm aplikasyon ou ranpli a ak dokiman yo nan biwo Sekirite Sosyal ki tou pre ou.

## Sitiyasyon Imigrasyon

Pou pwouve kondisyon imigrasyon ou, ou dwe montre nou dokiman imigrasyon ou genyen nan moman an, I-94, *Arrival/Departure Record (Dosye Antre/Sòti)*, DHS te founi ou lè ou te antre Ozetazini. Si w se yon etidyan F-1 oswa M-1, nou bezwen wè tou I-20 ou, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status (Sètifikasi Elijibilite pou Sitiyasyon Etidyan Non Imigran)*. Si w se yon vizitè pou yon pwogram echanj J-1, ou dwe montre nou DS-2019 ou, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status (Sètifikasi Elijibilite pou Sitiyasyon Vizitè Echanj)*.

## Elijibilite travay

Si w se yon etidyan F-1 epi ou elijib pou travay nan kanpis la, ou dwe bay yon lèt ofisyèl ki:

- Idantifye w;
- Konfime stati akademik aktyèl ou;
- Idantifye anplwayè w ansanm ak kalite travay w ap fè oswa kalite travay ou pral fè.

Nou bezwen tou prèv travay la, tankou yon bilten salè resan oswa yon lèt travay ou. Sipèviziè ou dwe siyen ak date lèt anplwa a. Lèt la dwe dekri:

- Djòb ou;
- Dat kòmansman travay ou;
- Kantite èdtan w ap oswa ou pral travay, epi
- Non ak nimewo telefòn sipèviziè ou.

Si w se yon etidyan F-1 ki gen otorizasyon pou travay nan pwogram fòmasyon pratik (CPT), ou dwe ban nou Fòm I-20 ou avèk paj fòm travay la (paj 3). Ofisyè ki deziyen nan lekòl ou dwe ranpli paj sa a epi siyen li.

Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1 epi ou gen yon pèmi travay (Fòm I-766) ou resevwa nan DHS, ou dwe prezante li.

(lòt bò a)

Si w se yon etidyan J-1, etidyan k ap fè estaj oswa vizitè entènasyonal, ou dwe bay yon lèt enstitisyon ki ba ou lèt rekòmandasyon an. Lèt la ta dwe fèt sou papye ki gen antèt enstitisyon ki bay lèt rekòmandasyon an avèk yon siyati oriijinal ki otorize travay ou.

Nou pa kapab trete aplikasyon ou, si :

- Travay CPT sou kanpis ou ap koumanse plis pase 30 jou apre dat out e remèt aplikasyon an; oswa;
- Dat kòmansman travay ki sou pèmi travay ou ki sòti nan DHS (Fòm I-766) se yon dat ki poko riveLaj

Ou dwe prezante batistè peyi etranje ou si ou genyen li, oswa ou kapab jwenn li nan 10 jou ouvrab. Si ou pa genyen li, nou kapab konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS ba ou kòm prèv laj ou.

## Idantite

Nou ka aksepte sèlman sèten dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman akseptab dwe regilye (pa ekspire) epi li dwe montre non ou, enfomasyon sou idantite ou epi nou pito yon foto ki resan. Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen. Pami dokiman imigrasyon ki akseptab yo, genyen:

- Fòm I-551 (avèk tou viza imigran ki ka verifye nan ódinatè avèk paspò etranje ou ki poko ekspire);
- Fòm I-94 avèk paspò ou ki poko ekspire; oswa
- Fòm I-766 ou (pèmi travay DHS ba ou).

*Tout dokiman yo dwe swa oriijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.* Nou pa ka aksepte tou yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an. Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou kòm prèv elijibilite ak idantite ou. **Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman apa.**

## Èske mwen bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan mwen kòmanse travay?

Nou pa egzije ou pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan ou kòmanse travay. Men tou, Internal Revenue Service mande travay yo pou yo rapòte salè yo. Pou fè sa, l ap itilize yon nimewo Sekirite Sosyal. Pandan w ap tann nimewo Sekirite Sosyal ou, patwon an ka itilize yon lèt nou ki endike ou aplike pou yon nimewo. Travay ou ka itilize dokiman imigrasyon yo kòm prèv otorizasyon ou pou travay Ozetazini. Travay ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nan [www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm](http://www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm).

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi publikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandem, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.